



Pou Piblikasyon Imedya: 10/6/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PON GEORGE WASHINGTON AK YOUN NAN SOMÈ
WORLD TRADE CENTER AP KLERE ANWOZ POU SOULVE SANSIBILIZASYON
SOU KANSÈ NAN TETE**

*Plis pase 100 aktivite tès depistaj Kansè ap disponib pou Nouyòkè yo pandan
mwa sou sansibilizasyon kansè nan tete a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke de estrikti ki pi anblematic nan zòn metropoliten New York – Pon George Washington ak somè sou Youn nan World Trade Center – ap klere anwoz aswè a, 6 oktòb pou selebre mwa Sansibilizasyon sou Kansè nan Tete. Kansè tete se youn nan kansè ki pi komen pami fi yo e se dezyèm koz prensipal lanmò ki gen rapò avèk kansè pami fi yo nan Eta New York.

“Aswè a nap pran yon lòt etap pou souleve sansibilizasyon epi ale delavan nan lit kont kansè tete,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Tès depistaj byen bonè ka fè anpil diferans lè li kesyon pou konbat kansè tete, e mwen ankouraje fi yo toupatou nan eta pou yo pwofite de anpil opòtinite tès gratis ki disponib mwa sa a. Ansanm nou ka mete fen nan kochma maladi sa a yon fwa pou tout.”

Somè 408-pye-wotè a sou youn nan World Trade Center ap limen anwoz apati 6:27 p.m. aswè a. 156 limyè kolye LED sou Pon George Washington ap klere anwoz aswè a, e lap rete woz pandan tout mwa oktòb la.

Chak ane nan Eta New York, preske 15,000 fi dyagnostike avèk kansè tete, e preske 2,700 fi mouri nan maladi a. Yo ankouraje tout fi yo ki gen laj 40 ane oswa pi gran pou konsidere fè tès pou kansè tete. Pou w jwenn enfòmasyon sou aktivite tès depistaj kap fèt nan zòn ou an mwa sa a, rele 1-866-442-CANCER (2262) oswa klike [la](#).

Ane sa a make 30^{yèm} anivèsè Mwa Sansibilizasyon Nasyonal sou Kansè Tete, ki te fonde pou alafwa ogmante sansibilizasyon ak pou ranmase lajan pou rechèch nan koz prevansyon ak tretman maladi a. Koulè woz la te vini yon senbòl komen solidarite pou mouvman an.

Mediya yo ki enterese nan filme anlèt tèt sou youn nan World Trade Center a ka fè sa nan tout ri yo ki toupre sit la, enkli Church, Liberty, Greenwich ak Vesey streets.

Limyè kolye ki sou Pon George Washington lan ka filme swa nan lokasyon New Jersey ki annaprè a:

- Fort Lee Historic Park, akote Hudson Terrace nan pati sid pon an
- Rockefeller Overlook, nò nan Sòti 1 sou palisad Nò Interstate Parkway

Ekip Port Authority a te chanje limyè koulè nan Pon George Washington lan pandan antretyen woutin nan enstalasyon LED pon an.

Tès kansè tete se yon benefis esansyèl sante e li kouvri pa tout plan sante yo, enkli plan sante yo kap patisipe nan Mache Sante Eta NY. Pou fi yo ki pa gen asirans sante, Pwogram Sèvis Kansè Eta New York ka bay tès depistaj pou kansè tete, kòl matris ak kolon gratis. Nan dènye ane ki sot pase a, pwogram lan te bay tès pou kansè kolon, tete ak kòl matris a plis pase 30,000 gason ak fi nan tout eta, enkli plis pase 24,500 mamogram ak 21,500 egzamen klinik tete.

Pwogram Sèvis Kansè Eta relye Nouyòkè kalifye yo ki pa gen asirans a bon jan kalite tès kansè grasa founisè swen sante yo ansanm avèk lopital yo nan zòn yo a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou aktivite tès depistaj CSP ki te fèt nan zòn ou a nan mwa sa a, rele 1-866-442-CANCER (2262) oswa klike [la](#) pou jwenn yon Pwogram Sèvis Kansè lokal.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418